



E-HANDOUT MATA KULIAH GARAP PAKELIRAN

PERTEMUAN KE-10



**PROGRAM STUDI S-1 SENI PEDALANGAN
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

GARAP CATUR

Tehnis Dalam Menyusun *Janturan, Pocapan* dan *Ginem*

Tehnis menyusun Garap Catur **(*Janturan, Pocapan dan Ginem*)**

Di pertemuan sebelumnya sudah dijelaskan unsur-unsur catur meliputi *janturan*, *pocapan* dan *ginem*. Dari ketiga unsur ini akan dikupas satu persatu bagaimana cara menyusunnya. Dalam menyusun teks *catur* harus diperhatikan 3 hal yaitu :

1. Pemilihan ungkapan yang sesuai dengan karakter tokoh.
2. Bersifat memberi penjelasan secara diskursif dan argumentatif.
3. Selalu bersumber pada permasalahan pokok.

Ketiga ketentuan di atas harus ditunjang oleh penguasaan terhadap kosakata bahasa pedalangan (kawi, Jawa, Jawa baru) serta kemampuan menyusun kalimat, yang sudah barang tentu harus dilandasi oleh faktor mungguh. Apabila kemampuan berimajiner relative rendah, atau vocabuler bahasa pedalangannya relative kurang, fase-fase di atas tetap juga harus dilalui. Namun demikian ada alternative lain yang dimungkinkan dapat membantu memudahkan proses penyusunan teks *catur*, yaitu :

1. mengumpulkan data-data *catur* yang relevan dengan repertoar lakon yang disusun. Data *catur* dapat berupa sumber tertulis, rekaman adio visual pertunjukan wayang atau hasil wawancara dengan beberapa narasumber.
2. Mengklarifikasi berbagai data *catur* yang ditemukan.
3. Menentukan pilihan atas data *catur* yang relevan dengan sanggit lakon susunannya.
4. Menyunting bahasanya agar tidak terkesan sebagai teks kutipan.
5. Membaca teks *catur* secara keseluruhan serta menganalisis adanya berbagai kemungkinan kejanggalan bahasa.

Dalam menyusun *janturan* dan *pocapan garap* langkah-langkah yang harus diperhatikan yaitu:

- a. Tentukan tokoh yang tampil dalam adegan dengan karakternya masing-masing

- b. Tafsirkan suasana yang sedang terjadi, berikut kondisi psikologis tokoh utama dalam adegan tersebut. tentukan setting waktu dan situasi batin tokoh.
- c. Inventarisasi materi bendawi dan non bendawi yang bisa dijadikan materi dalam menyusun *janturan* atau *pocapan*. Materi itu bisa berupa benda-benda, alam, manusia, tumbuhan ataukah binatang yang akan dituangkan dalam narasi.
- d. Tentukan tehnik pengungkapan narasi, berbentuk deskriptif naturalistic ataukah metaforistik.
- e. Ciptakan struktur narasi, meliputi pengantar, tokoh yang tampil, pengungkapan permasalahan, dan reaksi tokoh yang tampil.
- f. Perlu diperhatikan dalam menyusun *janturan garap* bisa dimulai dari pelukisan situasi alam sekitar, bagaimana kondisi alam dan materi lainnya, kemudian di tarik ke situasi batin tokoh.

Sebelum menyusun teks *catur*, kita harus memahami *sanggit lakon* secara keseluruhan, baik yang berkaitan dengan tema, bangunan lakon, secara keseluruhan. Karena penyusunan *catur* sangat bergantung pada *sanggit lakon*, khususnya *garap* setiap adegan. Dalam penyusunan teks *catur* harus mempertimbangkan kemampuan kita. Memahami *garap* adegan pada *sanggit lakon* sangat penting dilakukan. Dalam menyusun *ginem* harus memperhatikan:

1. Suasana adegan. Tafsirkan suasana adegan yang sedang berlangsung.
2. Tentukan permasalahan yang dihadapi oleh tokoh utama.
3. Tafsirkan kondisi psikologis tokoh utama dalam adegan tersebut.
4. Tentukan interaksi tokoh pendukung terhadap permasalahan yang dihadapi oleh tokoh utama dalam rangka menciptakan *sambung rapet* dialog.
5. Buatlah struktur dialog, meliputi pengantar, pemaparan masalah, konflik dalam beradu argumentasi(*isen-isen*), pemecahan masalah dan keputusan yang diambil (kesepakatan).
6. Perlu diingat bahwa semua tokoh yang tampil harus mempunyai peran dan berbicara.

Janturan garap

Contoh 1 Lakon Wanita Kusumayuda

Mendhung ing jagad wetan, ngendanu ing sisih kulon, sumiyut pedhut hangekeb sunaring surya kinukut. Surem kekuwunging Praja Ima-Imantaka labet kaprabawan sungkawaning driya sang nata, Prabu Bumiloka. Kembang-kembang mekar tan ana kang bingar, godhong kayu melu-melu hanglayung, kalayu bebela prihatinira sang katong, kang tansah emut mring surut sedanira ingkang rama swargi Prabu Niwatakawaca.

Contoh 2 Lakon Dewi Maerah

Hyang surya ketaweng hima, remu-remu sorote tan padhang, yen rinasa kaya tan bangkit amadhangi bawana. Taman sari Praja Mandura ingkang katingal endah hanyengsemaken parandene kawistingal surem prabane, labet kaprabawan onenging nala Dyah Maerah mring sang garwa. Dhasare wus lami tinilar aneng praja, goreng rongeh tan jenjem penggalihe nggennya ngantu-antu konduring sang katong. Waneh-waneh kang ginagas, tumenga katon sepa, tumungkul arerawat waspa dupi enget mring sang nata. Rinten dalu anggung angangen-angening batos. Kaendahaning taman wus datan rinewes, sesekaran manca warna kang nedheng humekar parandene tan kuwawa dadya panglipur. Tanggap para emban cethi mulat sungkawaning driya sang juwita, nulya ngrerapu mrih lejaring kalbu.

Contoh Pocapan dalam Lakon Alap-alapan Sukesi

Bremara arsa ngisep sarining sekar, brengengeng swaranira arum memanuvara. Bawane sekar maksih kudhup, kekejer denira ngupadi dununging sari. Dupi wus pana, datan darana sang bremana sigra den isep kongsi tapis, temah marem antuk jatining pemarem. Byar

rahina Begawan Wisrawa wungu, dupi mulat sang dewi saresumandhing, kejut penggalihira rumaos nandhang papa duraka.

Contoh ginem

Monolog dalam Lakon Nala Damayanti

Puskara : *Hemm.. Damayanti, amung sira kang ginambar telenging kalbu. Wewayanganmu tan bisa kinipatake nanging malah sangsaya ngalela. Antebing atiku, sewu cara bakal taklakoni watone bisa sumandhing marang jenengsira, pepujaning atiku. Hahahaha...*

Dialog dalam Lakon Tresna Suci Retna Marlangen

HAYAM WURUK : *Retna Suwidi, ana sawijining perkara kang bakal sun andharake marang jenengsira. Anut palapuraning Patih Madu, anggone Jaya Kusuma cecaketan klawan Retna Marlangen dadi gegonjinganing para kawula. Kekarone tansah runtung rerentengan, kaya tinemu mokal yen tanpa linambaran rasa tresnaning jalu lan wanita.*

RETNA SUWIDI : *Dhuh sang prabu, andadosaken ing kawuningan, bilih yayi Retna Marlangen mboten darbe sedya mekaten. Piyambakipun rumaos prihatos dhateng salah tingkahipun Jaya Kusuma ingkang beneh kaliyan pangeran sanesipun. Mila Retna Marlangen kegugah manahipun, rumaos gadhah tanggél jawab mranata pakartining Jaya Kusuma.*

GAJAH MADA : *Nuwun inggih sang prabu. Kula mangertos bilih Retna Marlangen sampun adamel putra paduka saged lerem anggenipun tumindak ingkang kirang prayogi. Awit miturut palapurani pun prajurit sandi, Jaya Kusuma sampun mboten adamel resah wonten ing papan aben-aben peksi gemak.*

HAYAM WURUK : *Nanging Jaya Kusuma lan Retna Marlangen malah sesambungan tresna kang nerak angger-anggering praja. Yen kedlarung-dlarung bakal nyuda kawibawane Majapahit. Mula kekarone bakal sun pisahake. Retna*

Marlangen bakal sun dhaupake klawan Pangeran Anden, putrane Adipati Arya Bangah.

Ada-ada jugag

- PATIH MADU : *Dhuh sang prabu, langkung prayogi perkawis menika dipun penggalih kanthi premati. Sedyo paduka badhe misahaken Retna Marlangen kaliyan Pangeran Jaya Kusuma kula condhong sanget. Nanging menawi Retna Marlangen badhe kadhaupaken kaliyan putranipun Adipati Arya Bangah, menapa sampun katingal darma bektinipun Pangeran Anden? Kamangka kathah sentana praja ingkang langkung kathah lelabetanipun dhateng Majapahit.*
- GAJAH MADA : *Sang prabu, kinten kula sampun trep menawi Pangeran Anden nampi kanugrahan menika. Awit Pangeran Anden menika salah satunggaling taruna ingkang wicaksana miwah prigel ing tata kaprajan. Malah menika saged dados srana muwuhi raket ing kekadangan antawisipun Majapahit lan Kadipaten Singgelapura.*
- HAYAM WURUK : *Iya Mahapatih, bener kang dadi aturmu. Retna Suwidi, perkara iki takpasrahake marang jenengsira. Mangsa borong anggonmu ngreripih marang adhimu, Retna Marlangen.*
- RETNA SUWIDI : *Nuwun inggih, ngestokaken dhawuh.*

Iringan Srepeg Sanga Pelog, Retna Suwidi pamit keluar, semua dientas.